

Kurungika impunzi mu Rwanda: Sentare y'Ubwongereza yemeje urugendo rw'indege ku wa kabiri

<https://www.bbc.com/gahuza>

11/06/2022



AHAVUYE ISANAMU, MEDIA

Sentare nkuru yafashe ingingo ko urugendo rw'indege itegakanijwe gukura abasaba ubuhungiro mu Bwongereza ibatwara mu Rwanda ku wa kabiri rubandanya ukuri kwaye. Abarwanya uwu mugambi bananiwe mu rugamba rwa mbere rwo guhagarika uwu mugambi wo kurungika abantu mu Rwanda, ariko bemeza ko bazokwungururiza urubanza muri sentare y'iyungururizo ku wa mbere.

Muri uwu mugambi, bamwe mu binjira mu Bwongereza badakurikije amategeko bazokwungururizwa mu Rwanda kugira ngo basabeyo ubuhungiro.

Abashika 31 niba bamaze kubwirwa ko bazokwuzirizwa iyi ndege ya mbere.

Hazoba umwihwezo wimbitse aho sentare nkuru y'igihugu izokwumviriza ibishikirizwa n'abarwanya uwu mugambi muri rusangi imbere y'impera za Mukakaro (7).

Mu ngingo yiwe, umucamanza Swift yemeye ko harimwo **“inyungu z’abanyagihugu”** mu gihe umushikiranganji w'intwari yo hagati Priti Patel yoshobora gushira mu ngiro uwu mugambi.

Umushikiranganji Patel arashimagiza ingingo y'uuyu mucamanza, akavuga ko reta izobandanya n'uwu mugambi, mu gihe umushikiranganji wa mbere Boris Johnson avuga ko iyi ngingo ari “inkuru nziza”.

Hagati aho, abarwanya uwu mugambi bugurujye uru rubanza bavuga ko bafise amakenga ku mutekano w'abantu bitezwe “kurungikwa ku nguvu”.

Iyi ngingo ije mu gihe ikinyamakuru Times kivugaga ko Umuganwa wa Wales ku giti ciwe anegura iyi ngingo ya reta – kigasubiramwo amajambo yiwe aho avugaga ko iyi nzira “iteye ubwoba”.

Umuganwa Charles niwe yiteze guserukira Umwamikazi mw'ikoraniro ry'ishirahamwe Commonwealth ryitezwe kubera ku mugwa mukuru w'Urwanda, Kigali, muri kuno kwezi. Ibiri vyiywe bishimangira ko abandanya “kutagira aho ahagaze muri poritike”.

Reta yizeye ko uwu mugambi uzohagarika abarondera ubuhungiro kujabuka umuhora w'Ubwongereza, mu kwerekana neza ko ibibazo vyinshi bizokwigwa n'Urwanda.

Abarenga 10.000 nibo bafashe uru rugendo rwo mu mazi ruteye ubwoba muri uno mwaka gushika ubu.

Abarwanya uwu mugambi bari barondeye guhagarika urugendo rw'iyi ndege izokwunguruza aba bantu.

Urubanza rwashinzwe n'abashingwamanza baserukira aba basaba ubuhungiro bitezwe kurungikwa mu Rwanda, hamwe na sendika Public and Commercial Services union (PCS) – iserukira abarenga 80% y'abakozi bose b'igisata c'Ubwongereza kijejwe imbibe – hamwe n'amashirahamwe yitaho abimukira Care4Calais na Detention Action.

Abanyamategeko bayo berekana impungenge bafise ku bijanye n'utunenge turi mu ntunganyo y'igisata kijejwe impunzi mu Rwanda be n'uko bishoboka ko abantu bashobora kurungikwa mu bihugu bashobora gutoterezwamo – ico bita kwirukana (refoulement).

Abanyamategeko b'Ubushikiranganji bw'intwari yo hagati mu Bwongereza babwiye sentare ko umugambi udashobora guhagarikwa n'abawurwanya baciye muri sentare kubera ari ku nyungu z'igihugu, bacye basaba kandi umucamanza gutesha agaciro ibirego bishikirizwa kw'izina ry'abasaba ubuhungiro ku giti cabo.

Muri urwo rubanza, ishami rya ONU ryitaho impunzi, UNHCR, naryo nyene ryamenyesheje ko ryitandukanije n'uwu mugambi.

Abashingwamanza ba UNHCR bavuye kandi ko bagabishije ubushikiranganji bw'intwari yo hagati ko iyi nteguro n'Urwanda iteye kubiri n'amategeko.

'Si ibintu bikomeye cane'

Mu ngingo yiwe, umucamanza Swift yatesheje agaciro ibirego vy'abashakira guhagarika vy'agateganyo indege zizokwunguruza aba bantu imbere y'uko uru rubanza rwihwezwaga neza muri Mukakaro.

Avuye ko atigeze abona ko hari ibimenyetso vyerekana ko hashobora kuba "ihohotera, ukwirukanwa" canke ikindi kintu cose kibangamira uburenganzira bwabo nk'uko biri mu ngingo ya gatatu yitegeko ryerekeye uburenganzira bwa muntu mu Bwongereza.

Ingingo ya gatatu ikingira abantu iyicarubozo, gufatwa nabi nk'ikiremwa muntu, no kwirukanwa canke kurungikwa mu gihugu aho bishobora gushika umuntu akaborezwa igufa canke agafatwa nabi.

Umucamanza Swift avuye ko bimwe mu birego bitangwa n'abashakira kuzibira izi ndege za mbere bivuye cane cane ko ingingo ya Patel "yo gufata Urwanda nk'igihugu gitekanye idafise ishingiye kandi ko ishingiye ku matohoza adakwiye".

Avuye ko iki kirego, co kimwe n'ibindi biri muri uru rubanza, bishobora kwigirwa hamwe n'ivyemezo mu gihe iyi ngingo izokwihwezwaga mu buryo bwimbitse - mu kiringo c'imisi ibiri imbere y'uko ukw'indwi kurangira.

Ariko, umucamanza Swift asigura ko, n'aho abarwanya uwu mugambi bari bafise ivyemezo bihagije vy'uko uwu mugambi wokwihwezwaga neza, ivyavuye bavuye "si ibintu bikomeye cane".

Inyuma y'iyi ngingo ya sentare, umushikiranganji Patel yavuye ko reta "izobandanya" n'uwu mugambi.

Avuye ati: "Abantu bazoguma bagaragaza kurondera no guhagarika irungikwa ryabo bifashishije amashuri n'ibibazo baserukira ku munota wa nyuma, ariko ntaturara dutazura mu guhagarika iyi magendo y'abantu ihitana abatari bake no mu kurokora ubuzima.

"U Rwanda ni igihugu gitekanye kandi gihuterwa no kwizerwa ko gitanga ubuhungiro bwiza – tuzobandanya twitegurira urugendo rwa mbere rugana mu Rwanda, hamwe n'izindi ngingo zose zitari nke zifise intumbero yo kugabanya amashuri mato mato yinjira".

Umushikiranganji wa mbere Johnson yashyize ubutumwa bwiye ku rubuga rwa Twitter avuye ati: "Ntishobora kwemera ko abakora magendo y'abantu bata mu kaga ubuzima

kandi incuti zacu kw'isi zizofasha mu guhagarika uru rudandaza rw'izi nkozi z'ikibi ruburakigongwe”.

James Wilson, icegera c'ishirahamwe Detention Action rirwanya uwu mugambi, avuga ko yababajwe n'iyi ngingo.

Clare Moseley, yatanguje Care4Calais avuga ko ishira hamwe ryiwe “rifise impungenge nyinshi ku bijanye n'imibereho y'abantu bashobora gutwarwa ku nguvu mu Rwanda, ingingo ishobora kubangamira cane ubuzima bwabo bwo mu mutwe na kazoza”.

Inyuma y'iyi ngingo ya sentare, sendika PCS isaba ko hoba ibiganiro vyihuta n'umushikiranganji Patel kugira ngo bihweze uwu mugambi wo kwimura abantu.